



Pou Piblikasyon Imedya: 24/06/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AKEYI EKIP BOMB SQUADS AK TACTIKL NAN FÒMASYON REPONS IJANS 'DEFI RAVEN'S

Lokal, Eta, Federal, ak Ekip Entènasyonal ki fòme nan Sant Preparasyon Eta nan Oriskany, estimile ekonomi lokal epi prepare sekouris yo pou ijans

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke bomb squads, ekip kanine deteksyon eksploziv, ak ekip taktik reprezante gwoup ki soti nan New York ak plizyè lòt antite eta, federal ak Canada ap patisipe nan fòmasyon repons ijans Defi Raven' nan Sant Fòmasyon Preparasyon Eta nan Oriskany semèn sa a. Defi a se yon egzèsis ki fèt pou amelyore koperasyon ant sekirite piblik bomb squads ak teknisyen yo nan eliminasyon eksploziv ak minisyon militè.

“Defi Raven asire ke premye sekouris yo ekipe avèk fòmasyon ak konpetans ki nesèsè pou reponn a sekirite kèk nan sitiyoasyon ijans ki pi difisil,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Mwen fyè dèske New York ap òganize aktivite enpòtan sa a, paske li pral amelyore preparasyon pèsonèl ijans nou an epi fè eta vin pi ansekirite pou tout Nouyòkè yo.”

“Eta New York angaje plènman a fòmasyon premye sekouris nou yo pou lite avèk nenpòt ijans yo ka fè fas,” te deklare Gouvènè Adjwen Hochul. “Kòm Nouyòkè, nou pa ka kite anyen pa chans. Defi Raven an ofri asirans sa nan bay eta ansanm avèk otorite lokal nou yo zouti yo bezwen grasa egzèsis reyèl lavi ak preparasyon. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou angajman l nan kenbe nou tout pwoteje ak ansekirite.”

Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta New York te òganize aktivite sa, e Biwo Alkòl, Tabak, Zamafe ak Eksploziv ak Biwo Federal Envestigasyon te kowòdone l, e Depatman Defans Etazini te finanse l. Defi Raven' te kòmanse nan 2004 nan Pasifik Nòdwès, e depi lè sa li te grandi pou atenn plis pase 1,000 patisipan nan tout peyi a chak ane. Sant Fòmasyon Preparasyon Eta nan Oriskany se youn nan kat sit nan tout peyi a (lòt sit akèy yo enkli lokasyon nan Florid, Colorado, ak Washington) pou òganize aktivite Defi Raven sa kap ede pou achemine plizyè dizèn milye dola nan ekonomi lokal la.

Sant Preparasyon Fòmasyon Eta, yon etablisman modèn 1,100-kawotè, te chwazi kòm yon akèy pou Defi Raven pou divès anviwonman fòmasyon li yo ki bay ajans lokal, eta,

ak diferan lokasyon ke yo ka itilize pou tout varyete fòmasyon an. Apati salklas konferans ak diskisyon nan reyalite - ak gwo senaryo pèfòmans ki baze sou fòmasyon, Sant Preparasyon Fòmasyon Eta ofri opòtinite pou fòmasyon dinamik premye sekouris yo. Yon karakteristik inik nan Sant Preparasyon Fòmasyon Eta nan konplèks CityScape, yon senaryo ki baze sou sant fòmasyon ki anglobe etandi lavi a ak lokasyon reyalistik, enkli yon lekòl segondè, motèl, sant komèsyal, tribinal, ak kafe, ansanm avèk apatman, devan magazen, ak biwo.

Komisyone DHSES John P. Melville te deklare, “Eta New York fyè pou l òganize Defi Raven, yon aktivite fòmasyon valab kap ede patnè lokal, eta, federal ak entènasyonal pou kominike ak kowòdone– konpetans ki enpòtan sizoka yon ijans ta enplike yon aparèy eksploziv. New York gen risk ki pi elve pou teworis nan peyi a, sa fè Sant Fòmasyon Preparasyon Eta vini yon tribin enpòtan pou fòmasyon ijans ak katastwòf. Mwen kontan dèske yo te chwazi Oriskany pou yon evènman enpòtan konsa, e map rete tann pou m kontinye travay nou pou prepare premye sekouris yo avèk konpetans yo bezwen pou pwoteje tout Nouyòkè yo.”

Ekip yo ap patisipe nan youn nan de seri yo: apati 22 a 24 jen, ak 24 a 26 jen. Chak ekip anmezi pou patisipe nan jiska senk senaryo nan Defi a. Lapolis ak pèsonèl militè yo konbine pou fòme ekip repons, sa ki patisipe nan opesyon aparèy eksploziv enpwovize nan diferan senaryo pandan tout kou a. Pou konplete enfrastrikti avanse a, ekspè yo anplwaye detonasyon eksploziv, “mache blese” moun ki jwe wòl ak son pou fè senaryo a pi reyèl.

Eta New York se kay plis pase yon douzèn bomb squads FBI-akredite, enkli yon ploton Lapolis Eta New York ap opere. DHSES te bay plis pase \$13 milyon dola nan fon sibvansyon Homeland sekirite a eskadron bonm lokal yo pou amelyore kapasite yo, ansanm avèk òganize senpozyòm anyèl sou eskadron bonm kap pote ansanm teknisyen bonm eta, federal ak entènasyonal yo pou pataje pi bon pratik yo.

Ajans ki annaprè yo ki soti toupatou nan Eta New York pwograme pou patisipe:

<u>Lokasyon</u>	<u>Patisipan yo</u>	<u>Ekip kap Patisipe yo</u>
Nan tout eta	Lapolis Eta New York	Bomb squads
Konte Broome	Depatman Lapolis Vilaj Endicott	Bomb squads
Konte Chautauqua	Biwo Cherif	Bomb squads
Konte Erie	Biwo Cherif	Ekip Bomb squads & taktik
Konte Fulton	Ekip Repons Ijans Vil Glove	Ekip Taktik
Konte Monroe	Biwo Cherif	Ekip Bomb squads & taktik
Konte Monroe	Depatman Lapolis Vil Rochester	Ekip Bomb squads & taktik
Konte Nassau	Depatman Lapolis Middletown	Ekip Bomb squads

		& taktik
Vil New York	Depatman Lapolis Middletown	Bomb squads
Vil New York, Long Island, Sidès Eta New York	Depatman Lapolis Ajans Transpò Metropolitan	K-9
Konte Onondaga	Biwo Cherif	Bomb squads
Konte Onondaga	Depatman Lapolis Vil Syracuse	Bomb squads
Konte Rensselaer	Depatman Lapolis Vil Troy	Ekip Taktik & K-9
Konte Schenectady	Depatman Lapolis Vil Schenectady	K-9
Konte Suffolk	Depatman Lapolis Middletown	Bomb squads & K-9
Konte Westchester	Depatman Lapolis Middletown	Bomb squads

Sa ki annaprè yo se patisipan ki pa nan Eta New York (andeyò New York) ak patisipan entènasyonal ki pwograme pou patisipe:

<u>Lokasyon</u>	<u>Patisipan yo</u>	<u>Ekip kap Patisipe yo</u>
Michigan	Depatman Lapolis Detroit	Bomb squads
New Jersey	Lapolis Eta	Bomb squads
New Jersey	Biwo Cherif Konte Gloucester	Bomb squads
Pennsylvania	Lapolis Eta	Bomb squads
Pennsylvania	Biwo Cherif Konte Montgomery	Bomb squads
South Carolina	Biwo Cherif Konte Charleston	Bomb squads
Vermont	Lapolis Eta	Bomb squads
Brampton, Ontario Canada	Lapolis Rejyonal Peel	Bomb squads

Biwo Alkòl, Tabak, zamafe, ak Eksploziv, (ATF) Biwo Envestigasyon Federal, Depatman Defans (DoD), ak ekip eksploziv ki soti nan Fòs Lame Ayeryen Etazini, Gad Nasyonal Ayeryen, Lame, Gad Lame Nasyonal, ak Marin egalman prevwa pou patisipe.

Donald Robinson, Ajan Spesyal an chaj nan Sant Nasyonal pou Eksploziv Fòmasyon ak Rechèch (NCETR), te deklare, "ATF, ak NCETR li a, fyè pou l yon fwa ankò kowòdone avèk patnè sivil ak militè nou yo nan livrezon Biwo Pwogram Konjwen Defi Raven Egzèsis Entèwoperabilite ane sa a. Nou espesyalman kontan pou n vini nan New York ak Sant Preparasyon Fòmasyon Eta isit la nan Oriskany, yon sant preparasyon fòmasyon modèn eta. Chak ane, Defi Raven atenn plis pase 1,000 teknisyen bomb squads ak operatè eliminasyon minisyon eksploziv pou fòme epi travay ansanm sou eksploziv ak IED ki gen rapò a senaryo fòmasyon. Entèwoperabilite sa ant sekirite piblik ak pèsònèl militè esansyèl a sekirite peyi sa sizoka yon ensidan oswa seri

ensidan ki akable resous yon vil oswa rejyon. ATF ak NCETR fyè pou l kontinye efò sa yo, e nou espesyalman vle remèsye Depatman Lame pou sipò l, ak chak nan teknisyen PSBS yo ansanm avèk operatè EOD pou patisipasyon yo.”

James Yacone, Direktè Adjwen Gwoup Repons Ensidan Kritik FBI te deklare, “Akoz menas konstan IED ke nou toujou ap fè fas, enpòtan kalite fòmasyon entè-ajans sa pa kapab souzestime. Sekirite peyi nou an depann sou li. Enpòtan nan misyon pou reponn a yon ensidan ki enplike yon IED, se fòmasyon inivèsèl ke tout teknisyen bomb sekirite nan tout peyi a, nan Lekòl Aparèy Danjere FBI nan Huntsville, Alabama. Etablisman an se sèl founisè ki bay sètifikasyon fòmasyon ki ansekirite pou teknisyen bomb sivil ak akreditasyon pou tout bomb squads piblik yo.”

Enfòmasyon sou DHSES

[Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans \(DHSES\)](#) ak kat biwo li yo -- Anti-teworis, Jesyon Ijans, Prevansyon ak Kontwòl Dife, ak Kominikasyon Entèwoperab ak Ijans – founi lidèchip, kowòdinasyon ak sipò pou efò prevansyon, pwoteje kont, prepare pou, reponn ak, ak rekipere apre zak teworis ak lòt katastwòf natirèl ak sa moun fè, menas, dife ak lòt ijans yo. Pou jwenn plis enfòmasyon vizite [Facebook page](#), swiv [@NYS DHSES](#) sou [Twitter](#), oswa vizite [dhSES.ny.gov](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](#)
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418